

Kisa ki Syans Lekti a?



Baz pou Fanmi yo

Syans lekti se yon koleksyon enfòmasyon k ap evolye soti nan rechèch ki montre kòman sèvo yo pi byen aprann li ak ekri.



Syantifik tout tip (edikasyon, newosyans, òtofooni, ak plis toujou) te eksplòre kòman moun aprann li *epi* te teste pi bon fason pou pwofesè yo anseye lekti ak ekriti.

Kòman yo itilize syans lan nan lekòl yo?

Lekòl nan Ohio yo gen rekòmandasyon pou seleksyone nan yon ansanm materyèl ki apwouve pou anseye lekti ki baze sou koleksyon rechèch sa a. Lè elèv yo gen difikilte pou li, genyen divès materyèl adisyonèl ak estrateji ke lekòl yo kapab itilize pou soutni yo. Èske ou vle konnen plis? Li [Kòd Revize Ohio \(Lwa Ohio\) 3313.6028](#) epi ou kapab jwenn lis kourikoulòm ak materyèl pedagogik debaz nan [Atizay Lang Anglè](#) ki Apwouve sou sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a.

Kisa elèv la bezwen pou yo anseye li, selon rechèch sa a?

- Pou tande son ak silab nan langaj pale
- Non lèt yo, kòman pou ekri lèt yo, ak relasyon lèt-son yo
- Kòman pou pwononse mo yo
- Kòman pou itilize son ki nan mo yo pou eple yo
- Kòman mo yo itilize pou konstwi fraz (gramè)
- Kòman ide yo kapab òganize an paragraf epi nan lekti ak ekriti pi long
- Sans mo yo nan itilize pati nan mo yo (prefiks, baz yo, sifiks)
- Mo enkonni pou anrichi vokabilè
- Fason pou pwofite plis nan lekti ki pi long yo

Pou yo lektè ak ekriven fliyid, pwofesè yo ta dwe anseye elèv yo lekti ak ekriti dirèkteman, nan yon fason òdone ki anseye konpetans debaz yo dabò. Nou konnen ke nouvo konpetans yo ta dwe prezante youn alafwa, avèk anpil chans pou elèv yo fè pratik konpetans ke yo te deja aprann. Nou rele fason ansèyman lekti ak ekritsa sa a [Alfabetizasyon Estriktire](#).

Poukisa lekti se yon difikilte pou kèk timoun?

Aprann pale se yon bagay natirèl pou majorite sèvo nou. Sa rive san okenn ansèyman espesifik. Sistèm ekriti nou an se yon kòd yo envante epi li pa natirèl pou sèvo nou aprann. Sistèm ekriti nou an itilize lèt kòm senbòl pou reprezante son yo nan lapawòl. Yo dwe anseye nou kòman senbòl yo, lè yo mete yo ansanm, konstwi mo epi reprezante sans. Bon enstriksyon lekti ap ede konekte zòn langaj pale nan sèvo nou ak zòn ki idantifye senbòl yo (lèt yo) nan zòn vizyèl la. Avèk ase pratik, yon rezo fòme nan sèvo a ki pèmèt nou wè yon mo ekri epi rekonèt rapidman alafwa sans li ak kòman li pwononse. Aprann sou [disleksji](#), ki kapab afekte aprantisaj pou fè lekti pou jiska 1 nan 5 moun.

Poukisa lekòl yo, paran yo, ak lòt moun ki ap sipòte devlopman lekti ak ekriti yo tout bezwen pou yo prete atansyon ak syans lekti a?

Nan tan pase, fakilte ak inivèsite yo pa t anseye tout pwofesè yo syans lekti a. Yo te souvan anseye pwofesè yo pou bay enstriksyon lekti nan itilize lòt metòd tankou Alfabetizasyon Ekilibre oubyen Langaj Global. Kèk gwo konpayi ki t ap ekri kourikoulòm lan pou lekòl yo te di lekòl yo tou pou itilize materyèl ki pa t baze sou syans, pandan plizyè ane. An konsekans, plizyè fanmi te dwe peye titora ak tès byen chè andeyò sistèm lekòl la pou dekouvri pou ki rezon pitit yo pa t kapab li, espesyalman si pitit yo a te disleksik.

Nan Ohio ak majorite lòt Eta, yo te mete an plas divès lwa ak politik yon jan pou lekòl k ap anseye lekti yo baze sou syans lekti a. Yo bay pwofesè yo fòmasyon ak divès resous pou asire ke yo ap swiv syans lan lè yo ap anseye lekti, nan tout matyè yo. Men, toujou genyen plizyè materyèl ak metòd anseyman ke y ap itilize ki p ap swiv syans lan.

Kisa syans lekti a pa ye

- Jis yon mòd oubyen yon tandans ki ap vini ak ale, oubyen afebli
- Yon pwogram oubyen kourikoulòm patikilye
- Limite ak fonetik oubyen relasyon lèt-son

Siy ki prezante lè yo p ap itilize syans lekti

- Lè yon lekòl p ap itilize yon apwòch estriktire pou anseye konpetans lekti ak ekriti espesifik ofilditan, avèk anpil chans pou elèv yo fè pratik.
- Di yon timoun pou li yon mo baze sou divès imaj, oubyen istwa, oubyen premye lèt la sèlman.
- Mande elèv yo pou li avèk divès endis tankou "Èske sa sanble kòrèk?"; "Èske sa sonnen kòrèk?"; "Èske sa fè sans?"; "Èske mo a sanble ak yon lòt mo ou konnen?"
- Sipoze yon timoun pral aprann li ak eple atravè lekti plis pou kont li oubyen pou moun fè lekti pou li san anseye li kòman pou fè lekti mo yo.
- Desine divès fòm ozalantou mo yo.
- Egzèsis "baze sou sèvo" tankou "fè yon kwa sou liy medyàn lan."
- Terapi vizyèl ak itilizasyon divès sipèpozisyon kolore.
- Di yon timoun pou memorize divès mo antye.
- Teste konpetans lekti yon timoun avèk divès zouti ki apiye sou sistèm twa endis yo tankou anrejistreman kous/anrejistreman lekti.
- Konsantre sou "renmen lekti" san anseye yon timoun *kòman* pou li.
- Fè elèv yo li divès liv avèk "nivo" ki pa syantifik (ke yo rele pafwa Lektè a Nivo) olye se liv ke yo kapab fè pratik lekti baze sou konpetans egzakt ke yo te aprann deja.

Sant Angajman Fanmi nan Tout Eta Ohio te fè patenarya avèk Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio ansanm ak fanmi Ohio yo pou devlope enfòmasyon sa yo.

Fason pou aprann plis

1. Gade [yon videyo sou syans lekti](#)



2. Poze lekòl ou an [divès kesyon espesifik epi fè defans tèt ou](#)



3. Jwenn plis resous pou paran yo sou [sitwèb Sant Angajman Fanmi nan Tout Eta Ohio](#)



4. Voye kesyon ou yo konsènan enfòmasyon sa a nan yon imel pou ReadOhio@education.ohio.gov.